# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ ҚАРАРЫ

**Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2016-жыл 15-июньдеги «Жаңа мийўе-овощ өнимлери, картошка, палыз өнимлери ҳәм жүзим сатып алыў бойынша мәмлекетлик буйыртпа ҳаққындағы режени тастыйықлаў ҳаққында»ғы 206-санлы қарары ҳаққында**

Өзбекистан Республикасы Президентиниң «Мийўе-овощ, картошка ҳәм палыз өнимлерин сатып алыў ҳәм олардан пайдаланыў системасын жетилистириў ис-илажлары ҳаққында»ғы 2016-жыл 12-апрельдеги ПҚ-2520-санлы қарарын орынлаў бойынша, сондай-ақ жаңа мийўе-овощ өнимлери, картошка, палыз өнимлери ҳәм жүзим сатып алыў бойынша мәмлекетлик буйыртпаны қәлиплестириў ҳәм орынлаўдың нәтийжели механизмин енгизиў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси

**Қ А Р А Р  Е Т Е Д И:**

1. Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2016-жыл 15-июньдеги «Жаңа мийўе-овощ өнимлери, картошка, палыз өнимлери ҳәм жүзим сатып алыў бойынша мәмлекетлик буйыртпа ҳаққындағы режени тастыйықлаў ҳаққында»ғы 206-санлы қарары орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң жоқарыдағы қарары менен:

а) Жаңа мийўе-овощ өнимлери, картошка, палыз өнимлери ҳәм жүзим сатып алыў бойынша мәмлекетлик буйыртпа ҳаққындағы реже қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы;

б) «Өзбеказықаўқатхолдинг» холдинг компаниясына, «Өзвиносанаат-холдинг» холдинг компаниясына, «Өзбеказықаўқатрезерв» бирлеспесине, «Өзагроэкспорт» АЖ қәнигелестирилген сыртқы саўда компаниясына ишки ҳәм сыртқы базарлар конъюнктурасының терең маркетинг изертлеўлери нәтийжелерин есапқа алған ҳалда ҳәр жылы 1-августқа шекем болған мүддетте келеси жыл ушын мәмлекетлик буйыртпаға болған тийкарғы түрлери бойынша жаңа мийўе-овощ өнимлери, картошка, палыз өнимлери ҳәм жүзим сатып алыўға мүтәжликтиң прогноз көлемлери ислеп шығылыўын тәмийинлеў тапсырылғанлығы;

в) Өзбекистан Республикасы Аўыл ҳәм суў хожалығы министрлигине, Жер ресурслары, геодезия, картография ҳәм мәмлекетлик кадастры мәмлекетлик комитетине, Өзбекистан Фермерлери Кеңесине Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм районлар ҳәкимликлери менен биргеликте аўыл хожалығы егинлерин ўәлаятлар, районлар ҳәм фермер хожалықлары бойынша жайластырыўда мийўе-овощ өнимлери, картошка, палыз өнимлери ҳәм жүзим сатып алыў ҳәмде олардан пайдаланыў бойынша мәмлекетлик буйыртпасы балансы параметрлерин есапқа алыў тапсырылғанлығы;

г) «Өзбеказықаўқатхолдинг» холдинг компаниясы, «Өзвиносанаат-холдинг» холдинг компаниясы, «Өзбеказықаўқатрезерв» бирлеспеси, «Өзагроэкспорт» АЖ қәнигелестирилген сыртқы саўда компаниясы басшылары, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығы ҳәм ўәлаят ҳәкимлерине мийўе-овощ өнимлери, картошка, палыз өнимлери ҳәм жүзим сатып алыў ҳәмде олардан пайдаланыў бойынша мәмлекетлик буйыртпаның орынланыўы бойынша шахсий жуўапкершилик жүкленгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Қарақалпақстан Республикасы Аўыл ҳәм суў хожалығы министрлиги, Қарақалпақстан Республикасы Экономика министрлиги, Сыртқы экономикалық байланыслар, инвестициялар ҳәм саўда министрлиги, Жер ресурслары ҳәм мәмлекетлик кадастр басқармасы, Қарақалпақстан Республикасы Фермерлери Кеңеси районлар ҳәкимликлери менен биргеликте аўыл хожалығы егинлерин районлар ҳәм фермер хожалықлары бойынша жайластырыўда мийўе-овощ өнимлери, картошка, палыз өнимлери ҳәм жүзим сатып алыў ҳәмде олардан пайдаланыў бойынша мәмлекетлик буйыртпа балансы параметрлерин есапқа алсын.

4. «Қарақалпақазықаўқатсанааты» бирлеспеси, «Нөкис Винозаводы» ААЖ, «Нөкис универсал базасы» ЖШЖ, «Туран Ҳамид» ЖШЖ, «Шымбай көтере инвест» ЖШЖ, «Берекет-Төрткүл» ЖШЖ, «Қарақалпақгөш-сүт саўда» АЖ, «Төрткүл-универсал» ЖШЖ, «Алфарбек инвест» ЖШЖ ҳәм районлар ҳәкимликлерине мийўе-овощ өнимлери, картошка, палыз өнимлери ҳәм жүзим сатып алыў ҳәмде олардан пайдаланыў бойынша мәмлекетлик буйыртпаның орынланыўы бойынша шахсий жуўапкершилик жүклensин.

5. Қарақалпақстан Республикасы Экономика министрлиги:

«Қарақалпақазықаўқатсанааты» бирлеспеси, «Нөкис Винозаводы» ААЖ, «Нөкис универсал базасы» ЖШЖ, «Туран Ҳамид» ЖШЖ, «Шымбай көтере инвест» ЖШЖ, «Берекет-Төрткүл» ЖШЖ, «Қарақалпақгөш-сүт саўда» АЖ, «Төрткүл-универсал» ЖШЖ, «Алфарбек инвест» ЖШЖ менен биргеликте контрактация шәртнамаларының орынланыўы мониторингин алып барыў;

**ҳәр айда** Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине мониторинг нәтийжелери бойынша мәлимлеме киргизиў тапсырылсын.

6. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары М.Мамутовқа жүкленсин.

**Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы** **Б.Янгибаев**

*Ko'rib chiqildi:*

Izlash

- Vazirlar Kengashi
- Statistik va tahliliy ma'lumotlar
- Vazirliklar va idoralar
- Shahar va tuman hokimliklari
- Hujjatlar
- Respublika mehmonlariga
- Elektron hukumat
- Interaktiv davlat xizmatlar